



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TANPÈT IVÈ A AP AFEKTE RANDEVOU POU  
VAKSEN MADI YO NAN SIT ETA A JERE YO**

***Sit vaksinasyon an mas Eta a jere nan sid eta a nan SUNY Stony Brook, Jones Beach, Aqueduct Racetrack, Javits Center ak Westchester County Center, ap fèmen madi 2 fevriye e tout randevou yo te repwograme***

***Sit vaksinasyon an mas Eta a jere nan nò eta a nan Binghamton, Albany, Plattsburgh, Potsdam, Utica, Syracuse ak Rochester ap ouvri avèk lè ouvèti a k ap retade a 10AM madi 2 fevriye - randevou ki te pwograme pou anvan 10AM yo ap repwograme pou pi ta nan jounen madi a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke randevou vaksen yo te pwograme pou madi 2 fevriye nan plizyè sit eta a jere atravè New York ap ranvwaye akòz tanpèt ivè a k ap afekte eta a. Sit vaksinasyon an mas Eta a jere nan sid eta a nan SUNY Stony Brook, Jones Beach, Aqueduct Racetrack, Javits Center ak Westchester County Center, ap fèmen madi 2 fevriye a.

Sit vaksinasyon an mas Eta a jere nan nò eta a nan Binghamton, Albany, Plattsburgh, Potsdam, Utica, Syracuse ak Rochester ap ouvri ak yon lè ouvèti ki retade a 10AM madi 2 fevriye. Randevou ki te pwograme anvan 10AM nan sit sa yo ap repwograme pou pita nan jounen an. Sit vaksinasyon Buffalo University eta a ap ouvri nan lè regilye yo san okenn chanjman nan randevou ki pwograme yo.

Nouyòkè ki gen randevou ki pwograme pou jounen madi a nan sit sa yo ap resevwa yon imel oswa mesaj tèks ki repwograme vaksinasyon yo a.

"Tanpèt ivè sa deja ap pwodui gwo kantite nèj epi kreye kondisyon depasman ki danjere, e yo prevwa l ap kontinye demen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou sekirite travayè ak moun ki pwograme pou resevwa yon vaksinasyon yo alafwa, n ap ranvwaye randevou demen yo nan plizyè sit vaksinasyon ki te afekte pa tanpèt sa. Pou li klè - okenn moun p ap pèdi yon randevou -- y ap kapab repwograme yo lè kondisyon yo pi an sekirite."

Nan kad pwosesis repwogramasyon an epi nan limit ki posib, delè nouvo randevou yo ap pwograme nan aliyman ak lè randevou orijinal la. Si nouvo lè randevou sa pa

fonksyone pou yon moun akòz chanjman jou a, y ap ba yo yon nimewo kontak pou idantifye yon lè diferan ki ka fonksyone pi byen pou moun nan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)